*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 121 (25607)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 9 июл — сусæны мæйы 9 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 СÆРДЫГОН ФÆЛЛАДУАГЪД — *Сæ рæстæг хъæлдзæгæй æрвитынц*

3 ÆЛУТОН — *Тематикон фарс*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Футбол*

**Фембæлд**

## Бæрзонд технологиты куыстуат

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО бабæрæг кодта технологон центр "Баспик". Ацы куыстуат æппæт Уæрæсейы дæр зындгонд у, æфсæддон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм микроканалон æмæ тæгты-оптикон технологитыл кæй кусы, уымæй.**



Регионы разамонæджы базонгæ кодтой сæ куыстимæ æмæ, æмгуыстад цы егъау компанитимæ кæнынц, уыимæ. Сæ продукци æрвитынц Китаймæ, Америкæмæ, Индимæ æмæ Германмæ.

"Баспик" Уæрæсейы у иунæг ахæм куыстуат, дунейы мидæг та — фæндзæм, космосон, ядерон промышленност æмæ бæстæ хъахъхъæнæн комплексы æнæмæнг чи хъæуы, уыцы микроканалон пластинæтæ кæм уадзынц, уый.

Сергей Меняйло ма фæбæрæг кодта куыстуаты бæрзонд технологон арæзт æмæ загъта, "Баспик"-æн йæ бон дыууæ нысаниуæгимæ продукци уадзын кæй у: æфсæддон æмæ граждайнаг.

Дарддæр республикæйы Сæргълæууæг фембæлд куыстуаты æрыгон ахуыргæндтимæ. Ныхас сæм рауад регионы промышленнон комплексы рæзтыл, экспорт фæфылдæр кæныны стратегион пълантæ æмæ фарстатыл. Ноджы ма æрдзырдтой наукон-техникон институтты студенттæн куысты бынæттыл. Фембæлды ма ныхас цыд æххуысы мадзæлттыл дæр. Регионы разамонæг бафæдзæхста куыстуаты рæзты программæ бацæттæ кæнын.



**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Форум**

## Æппæтуæрæсеон уагæвæрд

**Цæгат Ирыстоны Фæсивæды хъуыддæгты комитеты сæрдар ДЖУСОЙТЫ Руслан куыд фехъусын кодта, афтæмæй ацы аз нæ республикæйы цæрæг 60 адæймаджы ацæуыдзысты "Машук-2022" фæсивæдон форумы архайынмæ.**

Джусойы-фырты ныхасмæ гæсгæ, конкурсантмæ ис 15 номинацийæ (адонмæ хауынц бархиондзинады рæзт, спорт æмæ царды æнæниз уаг парахат кæныны хъуыддаг, туристон бæллиццагдзинад æмæ æндæртæ) иумæ куырдиат барвитыны бар.

Ацы аз форум "Машук"-æн радтой æппæтуæрæсеон уагæвæрд. 13-27 августы форум цæудзæн Пятигорскы. Радтæ "Не 'нтыстдзинæдтæ" æмæ "Нæ хъуыдытæ"-имæ уыцы-иу рæстæг цæудзæн нымæцон рад дæр. Æртæ рады архайджыты нымæц схæццæ уыдзæн 2 мин адæймагмæ.

**Нæ уацхæссæг**

**10 июлы — Хетæджы Уастырджийы бон**

## Бæрæгбоны арфæтæ




**РЕСПУБЛИКÆЙЫ ЗЫНАРГЪ ЦÆРДЖЫТÆ ÆМÆ УАЗДЖЫТÆ!**

*Июлы дыккаг хуыцаубоны нæ адæмы традицимæ гæсгæ бæрæг кæнынц Цæгат Ирыстоны сæйраг бæрæгбæттæй иу — Хетæджы бон.*

*Ацы бæрæгбон раджы ссис нæ бирæнацион республикæйы æппæт цæрджыты нысан: практикон æгъдауæй алы хæдзары дæр Цæгат Ирыстоны — цавæр адæмыхаттæй у æмæ цы дин кæны, уыдæттæм нæ кæсгæйæ, бæрæгбоны кадджын фынгыл æртæ чъирийы æмæ æртæ æртæдзыхонæй фæкувынц Хуыцаумæ сабырдзинады, фæрныгады, бинонтæ æмæ хæстæджыты æнæниздзинады тыххæй, æмæ цæмæй дидинæг æфтауа райгуырæн зæхх.*

*Хетæджы бон у нæ фыдæлты традицитæн кад кæнын, фæлтæрты æхсæн бастдзинад бахъахъхъæнын. Куыд Ирыстоны зæххыл, афтæ уымæй дарддæр рæтты дæр, нæ республикæйæ афтæг адæм хъуыды кæнынц æмæ нымайынц ирон адæмы æгъдæуттæ. Ацы бæрæгбон дзурæг у кæрæдзийы æмбарындзинадыл æмæ удварны хæзнатыл.*

*Зынаргъ æмзæххонтæ!*

*Хетæджы Уастырджи уын æрхæссæд æхсызгон фембæлдтыты хъæлдзæгдзинад æмæ сыгъдæг фæндтæ! Сабырдзинад æмæ фæрныг цард уæ хай уæд! Ирыстоны бирæнацион адæм та амондджынæй фæцæрæнт æмæ рæсугъд бæрæгбæттæ куыд кæной, уыцы амонд сæ уæд!*

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг***

**ИРЫСТОНЫ ЗЫНАРГЪ ЦÆРДЖЫТÆ!**

*Нæ бирæнацион республикæйы æппæт цæрджыты чи иу кæны, уыцы кадджындæр бæрæгбæттæй иу — Хетæджы боны агъоммæ мæн фæнды сымахæн зæрдиаг арфæтæ ракæнын, цæмæй æнæниз уат, амонд æмæ фæрныгад уа уæ алкæй хæдзары дæр.*

*Ацы рухс бæрæгбон, æнæ дызæрдыгæй, бирæ æнусты дæргъы у нæ Ирыстоны æнгомдзинады, хæлардзинады æмæ кæрæдзийы æмбарынады хицæнхуызон нысан. Уый тыхджындæр кæны рæсугъд, хæдхуыз æгъдæуттæ æмæ традициты хъæздыгдзинад, стæй уарзондзинад райгуырæн зæхмæ. Нæ хистæртæн цы кад кæнæм, уый та фылдæр фæвæййы. Сæйрагдæр у фæлтæрты æнæхæлгæ бастдзинад дарддæр хæццæ кæнын, цæмæй фæсивæдæн уый суа удварны бæрæггæнæн.*

*Нæ зынаргъ æмзæххонтæ! Хетæджы Уастырджийы бæрæгбон хæларæй, уарзонæй æмæ хъæлдзæгæй бахизæд уæ алкæй хæдзары къæсæрæй дæр, сæххæст кæнæд уæ рухс фæндтæ, нæ уарзон Ирыстоны амондæн арфæйаг хъуыддæгтæм разæнгард куыд кæнат.*

*Бæрæгбоны хорзæх уæ уæд, Ирыстоны цæрджытæ!*

***Алексей МАЧНЕВ,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар***

**ЗЫНАРГЪ ÆМЗÆХХОНТÆ!**

*Дзæуджыхъæуы Минæвæртты æмбырды депутатты æмæ мæхи номæй уын арфæ кæнын национ бæрæгбон — Хетæджы боны фæдыл. Уый у ирон адæмы æппæты рагондæр бæрæгбæттæй иу. Æнусæй-æнусмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ чи фæцыд, уыцы стыр хæзна ныр дæр нæ цардмæ æрхæссы циндзинад æмæ хæлардзинад, ахуыр нæ кæны райгуырæн бæстæйы уидæгтæн, æвзаг, културæ æмæ традицитæн аргъ кæныныл.*

*Бафиппайын хъæуы, уый дæр, æмæ Хетæджы бон бæрæг кæнынц канд ирæттæ нæ, фæлæ ма Ирыстон-Аланийы цæрæг æндæр адæмты минæвæрттæ дæр. Æз афтæ æнхъæл дæн, æмæ ацы аз дæр хæлардзинады æмæ иудзинады нысан чи ссис, уыцы бæрæгбон фæахъаз уыдзæн махæн нæ адæмы хуыздæр традицитæ базонынæн.*

*Дзæуджыхъæуы æппæт цæрджытæ æмæ уазджытæн, нæ Ирыстонæн мæ зæрдæ зæгъы фидар æнæниздзинад, бирæ циндзинæдтæ, дидинкалд, цæмæ бæллут, уый уæ къухы бафтæд. Уадз æмæ уæ зæрдæты æрцæрæд æууæнк æмæ ныфс хуыздæр фидæныл, уæ фæндтæ æмæ уæ хъуыдытæ царды æххæстгонд æрцæуæнт. Уадз ацы арфæйаг бæрæгбон фæуæд уæ уд фидаргæнæг æмæ уын æрхæссæд фарн æмæ амонд! Уæ хæстæджытæ æмæ уæ къабæзтæн та мæ зæрдæ зæгъы сабыр цард æмæ хæлардзинад.*

*Хетæджы Уастырджийы хорзæх уæ уæд, Дзæуджыхъæуы æмæ Ирыстоны цæрджытæ!*

***ИКЪАТЫ Русланбег,***
***Дзæуджыхъæуы муниципалон сконды***
***Минæвæртты æмбырды сæрдар***

**Бæрæгбон**

## Фæрнджын бинонтæй уæд хъæздыг Ирыстон!

**Бинонты, уарзондзинады æмæ иудзинады бон бæрæг кæнын а фæстаг рæстæг ссис диссаджы рæсугъд хорз æмæ ахсджиаг фæтк. Хорз уымæй у, æмæ адæмы кæй ахуыр кæны бинонтæ, хæзнайау, хъахъхъæнын, æнгом бинонтæн сæ быгдур чи у, уыцы миниуджытæн табу кæнын æмæ уыдон дæр, цæстыгагуыйау, хъахъхъæнын.**

Бæрæгбонмæ хуынд уыдысты республикæйы алы районтæй æмæ горæт Дзæуджыхъæуы кадджындæр æмæ рæсугъддæр бинонтæ — æдæппæт 70. Арфæйы ныхæстæ сын загътой Тугъанаты Ларисæ, республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министр **Алыбегты Эллæ**, фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ**, йæ хæдивджытæ **Маматы Анджелæ** æмæ **Торчынты Эльвирæ**, æхсæнадон организаци "РЦИ-Аланийы Сылгоймæгты совет"-ы сæрдар **Хабыцты Ларисæ**, Адæмæн куыстдæттыны комитеты разамонæг **Платы Альбинæ**...

Ацы рæсугъд бæрæгбон знон сбæрæг кодтой Дзæуджыхъæуы дæр. Ресторан "Ирыстон"-ы æрбамбырд кодтой, бирæ азты дæргъы "а" æмæ "о"-йæ чи фæцард, æхсæнадон царды æмæ фæллойы уæлдай тынгдæр чи фесгуыхт рæсугъд кæстæртæ чи схъомыл кодта уыцы кадджын æмæ намысджын рæсугъд бинонтæ.



Нæ буц хистæртæн арфæ ракæнынмæ æрбацыдысты Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар **Алексей Мачнев**, Хицауады Сæрдары хæдивæг **Тугъанаты Ларисæ**, республикæйы разамынды минæвæрттæ.

Юрий Бессонов æмæ йæ цардæмбал Светланæ иумæ æнгом бинонтæй цæрынц ныр 60 азы; 59 азы иумæ кадджынæй цæрынц Æлборты Зауыр æмæ йæ цардæмбал Дарья; фæйнæ 56 азы — Боциты Владимир æмæ Верæ, стæй Александр Птицин æмæ Таисия Иваны чызг; Фидараты Аслæнбег æмæ Азæ, стæй Таутиаты Барис æмæ йе 'мкъай Зинæ та — сæ цард баиу кодтой 55 азы размæ. Æмæ абон дæр æппæт ранымад ацы æхсæз бинонтæ кæрæдзи уарзгæйæ æмæ кæрæдзийæн аргъ кæнгæйæ рæсугъдæй цæрынц æмæ сæ амондджын цардæй цæвиттойнаг сты кæстæртæн. Се 'ппæтæн дæр арфæ ракодта Алексей Мачнев æмæ загъта:

— Бинонтæ скæнын хуымæтæг хъуыддаг нæу, фæлæ бинонты цард бахъахъхъæнын у ноджы зындæр хъуыддаг, уымæн æмæ алкæмæйдæр домы куырыхонад, быхсондзинад, уды фæллой. Сымах уыцы рæсугъд миниуджытæ бахъахъхъæдтат, бинонты амонд царды рæсугъдæй фæхастат æмæ йæ абон дæр хæссут, æмæ уын уый тыххæй зæрдиаг арфæ кæнын. Æнæниз æмæ амондджын ут бирæ азты ма!

Ацы бинонтæ Алексей Мачневы къухæй райстой "Уарзондзинады æмæ иузæрдиондзинады тыххæй" майдантæ, зæрдылдарæн лæвæрттæ æмæ Кады гæххæттытæ. Майдан æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ ма Алексей Мачнев радта, йæ ныхасмæ гæсгæ, абон уæлдай кады аккаг чи у æмæ 44 азы иумæ чи цæры, Зассеты уыцы æнгом бинонтæ — Федыр æмæ Тамарæ. Уыдонæн сæ хъæбул ныртæккæ архайы Донбассы цæуæг хæстон операцийы.

Бæрæгбон зарынæй фидауы, æмæ нæ кадджын хистæрты зæрдæтæ сæ рæсугъд аивадæй барухс кодтой ирон зарæггæнджытæ — **Тайсауты Олег, Хадыхъаты Аллæ, Лалыты Хъазыбег**, зарæггæнджыты къорд "Фидæн" æмæ иннæтæ.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Хицауады æмбырдæй**

## Æнæнхъæлæджы уавæрты фæстиуджытæ, промышленносты райрæзт, фæндагон хæдзарады нывылад æмæ æндæр фарстатæ

**Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барисы разамындæй уыд Цæгат Ирыстоны Хицауады радон æмбырд. Министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ æрдзырдтой æрдзон фыдбылызты фæстиуджытæ иуварс кæныныл, промышленносты дарддæры райрæзтыл, фæндагон инфраструктурæйы объектты нывылад æмæ ахсджиаг фарстатыл.**

Æмбырды райдайæны Хицауады уæнгтæ æркастысты кадрты фарстатæм дæр. Зæгъæм, республикæйы æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министры хæдивæджы бынæттæй суæгъд кодтой **Моурауты Мæирбег** æмæ **Мамыкъаты Вячеславы**. Уыимæ, Мамыкъайы-фырт ныр нысангонд æрцыд Транспорт æмæ фæндагон инфраструктурæйы комитеты сæрдары хæдивæгæй.

Июны кæроны тыхджын къæвдатæ Рахизфарсы районы цæрæн бынæттæн цы фыдбылызтæ ракодтой, уыдоны фæстиуджытæ аиуварс кæныны нысанимæ районы бюджетæн Хицауады фæстауæрцы фондæй радих кæндзысты 7,7 милуан сомы бæрц. Профилон ведомствæты минæвæрттæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй тæрккъæвдатæ æмæ тыхджын дымгæтæ стырдæр зиантæ ракодтой Ног Бæтæхъойы, Фарн æмæ Хуымæллæджы хъæуты цæрæн хæдзæрттæ æмæ æндæр объекттæн.

Фарстайæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Дзанайты Барис куыд бафиппайдта, афтæмæй амынд уæлæмхасæн финансон æххуыс Рахизфарсы районæн фæахъаз уыдзæн, цыбырдæр æмгъуыдтæм æрдзон фыдбылызы фæстиуджытæ аиуварс кæнынæн.

Дарддæр Хицауады уæнгтæ иуæй-иу ивддзинæдтæ бахастой 2025 азы онг республикæйы промышленносты райрæзты программæмæ. Уыцы ивддзинæдтæ баст сты регионалон инвестицион проекттæ æххæст кæнын æмæ промышленнон куыстуæттæн уæлæмхасæн паддзахадон субсидитæ дæттынимæ. Зæгъæм, ног уагæвæрды бындурыл республикæйы промышленнон куыстуæттæн фылдæр субсидитæ лæвæрд цæудзæн хъæугæ технологон ифтонггæрзтæ æлхæнынæн.

(Кæрон 2 фарсыл)

**Дзырды фарн**

*Уазæгæн не 'ппæт дæр кæстæртæ стæм...*

*МАМСЫРАТЫ Дæбе*

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **9 июлы,** ранæйрæтты уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **28-33 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **28-30 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,06

**Хурыскаст** — 04,32
**Хурныгуылд** — 19,38

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 61,18 ↓
**Евро** — 62,34 ↓

12+

РÆСТДЗИНАД
№ 121 (25607) 2022 АЗЫ СУСÆНЫ МÆЙЫ 9 БОН

## Хъуырман-байрамы бæрæгбон

# *Арфæтæ*

*Республикæйы æппæт пысылмæттæн дины æппæтæй кадджындæр бæрæгбæттæй иу – Хъуырман-байрамы фæдыл арфæ кæнын!*

*Ацы бонты æппæт дунейы пысылмæттæ Дунесфæлдисæгæн фæдзæхсынц дин фæфидар кæнын, хиуæттæ æмæ хæстæджытæн æнæниздзинад æмæ фæрныгад балæвар кæнын, стæй фæкæсинæгтæн баххуыс кæнын.*

*Уадз æмæ Хъуырман-байрамы бæрæгбæттæ дингæнæг пысылмæтты зæрдæтæ барухс кæной, хъару æмæ фæразондзинад сын радтой, арфæйаг хъуыддæгтæм сæ сразæнгард кæной, стæй сын ныфс æмæ уды сабырдзинад балæвар кæной!*

*Мæ зæрдæ уын зæгъы амонд, хæлардзинад æмæ фæрныгад!*

***Сергей МЕНЯЙЛО,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæг***

***Зынаргъ æмзæххонтæ!***

*Хадз кæй ахицæн, Хъуырман-байрам кæй ралæууыд, уый фæдыл республикæйы æппæт пысылмæттæ æмæ пысылмон диныл хæст æмзæххонтæн арфæ кæнын!*

*Уадз æмæ Дунесфæлдисæг, уæ ракуывдтытæ уын фехъусгæйæ, арфæйаг хъуыддæгтæм уæ сразæнгард кæна, стæй уын уæ зæрдæтæ амондæй, сабырдзинад æмæ хæлардзинадæй байдзаг кæна!*

*Хъуырман-байрам у пысылмæтты царды ахсджиагдæр цаутæй иу, Дунесфæлдисæджы раз сабырдзинад, уды нывылад, алыхуызон адæмыхæттыты æмæ дины конфесситы минæвæрттæн кад кæнынмæ сидæг мидисджын пысылмон культурæйы хай. Адæймаджы арфæйаг миниуджытæ, фæразонад, зæрдæхæлардзинад æмæ сабырдзинадмæ тырнынад кæуыл æнцайынц, бæрæгбон дингæнджыты æргом здахы пысылмон дины ахæм рагон удварнон хæзнатæм.*

*Ацы æвæджиауы хæзнатыл æнувыд уæвгæйæ, Ирыстоны пысылмæттæ сабырдзинад æмæ фидыд нæ бирæнацион республикæйы фидар кæнынæн ахъаз кæнынц. Уадз æмæ Хъуырман-байрамы арфæйаг бæрæгбон алы хæдзар дæр сабырдзинадæй, амонд, циндзинад æмæ фæрныгадæй фæхайджын кæна!*

***Алексей МАЧНЕВ,***
***Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар***

# Æнæнхъæлæджы уавæрты фæстиуджытæ, промышленносты райрæзт, фæндагон хæдзарады нывылад æмæ æндæр фарстатæ

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

— Ныртæккæйы уавæр афтæ у, æмæ промышленнон къабазæй домы, цæмæй куыстадон хъарутæ æрбангомдæр уой, æмæ компанитæ продукцийы хуызтæ фæуæрæхдæр кæной. Бирæ фæсарæйнаг товартæ нæ бæстæмæ кæй нал æфтынц, уыцы æууæл не 'ппæтæй дæр домы ахæм продукци нæхи хъарутæй уадзыны уынаффætæ. Зæгъæм, ныртæккæ республикæйы бирæ ис, æгуыстæй чи лæууы, ахæм промышленнон фæзуæттæ. Уыимæ та, республикæйы Хицауад æмæ промышленносты къабазы раздзогты размæ Уæрæсейы Президент бæлвырд нысантæ сæвæрдта, цæмæй регионы дарддæры экономикон райрæзты фæдыл ахадгæ мадзæлттæ саразæм, — бафиппайдта Дзанайы-фырт.

Уый фæстæ Хицауады уæнгтæ æрдзырдтой фæндагон инфраструктурæйы объектты дарддæры нывыладыл. Комкоммæ ныхас рауад бынæттон æмæ регионалон нысаниуæджы автомобилон фæндæгты арæзтад æмæ цалцæгыл. Уыцы фарста лыг кæнынæн ахъаз у сæрмагонд регионалон программæ (уый æххæстгонд цæуыдзæн 2024 азы онг). Уыимæ, фарста ахсджиаг кæй у, уый хынцгæйæ, федералон Хицауад республикæйæн уыцы нысанæн уæлæмхасæн радих кодта 1,9 миллиард сомы. Æмæ ныр профилон ведомствæты бавдыстæй Хицауад йæ сæрмагонд уынаффæйæ сбæлвырд кодта, уыцы фæрæзтæ кæцы обекттыл байуардзысты, уый. Афтæ, 823 милуан сомы схардз кæндзысты автомобилон фæндаг "Дзæуджыхъæу — Æрыдон — Цыкола — Лескен II"-йы арæзтад кæронмæ ахæццæ кæныныл, Транскамы 2,66-æм километрыл тъунелы рацарæзтыл, фидæны туристон-рекреацион комплекс "Мамысон"-мæ фæндаджы арæзтадыл... Уымæй уæлдай, федералон Хицауады уæлæмхасæн финансон æххуысæй бакæндзысты Беслæны фæндæгты хызæджы цалцæг æмæ æндæр куыстытæ дæр.

— Цалцæг æмæ рацарæзты программæтæм цы фæндагон объекттæ бахастам, уыдон иууылдæр ахсджиаг сты. Фæндагон инфраструктурæйы объектты нывылад комкоммæ сахаддзæн, куыд бынæттон адæмы цардыл, афтæ республикæйы бирæ уазджыты хиæнкъарынадыл дæр. Ахæм уавæрты ныртæккæ нæ сæйрагдæр хæстæ сты æппæт амынд объектты модернизацийы фæдыл хъæугæ гæххæттытæ афойнадыл аразын æмæ куыстытæ æнæкъуыхцыйæ æххæст кæнын, — хатдзæгтæ кæнгæйæ, бафиппайдта Дзанайты Барис.

Дарддæр Хицауады уæнгтæ се 'ргом аздæхтой рæзгæ фæлтæры патриотон хъомылад æмæ райдайæн æфсæддон цæттæдзинадмæ, физикон културæ æмæ спорты дарддæры райрæзты программæтæ æххæст кæнынмæ, стæй æндæр вазыгджын фарстатæм.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

## Барад

# Æгъдаухалæгæн — ивар

**Цæгат Ирыстоны Прокуратурæйы уынаффæмæ гæсгæ коррупцион барадхæлд саразыны тыххæй юридикон иуæджы 500 мин сомæй фæивар кодтой.**

Куыд рабæрæг, афтæмæй, кусæндоны пайдайæн архайгæйæ, косметологон клиникæйы генералон директорсылгоймаг нæ республикæйы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрады бæрнон адæймагæн радта 45 мин сомы бæрц æхца. Ацы æхцайы тыххæй гæртамисæг сылгоймаг клиникæйы медицинон архайдæн лицензи ногæй саразыны куыст фæрæвдз кодта.

Республикæйы Прокуратурæ амынд цауы тыххæй коммерцион кусæндоныл сарæзта административон барадхæлды тыххæй уголовон хъуыддаг.

Фидауынгæнæг тæрхонгæнæг кусæндон банымадта барадхæлд саразынæй аххосджыныл æмæ йæ 500 мин сомæй фæивар кодта. Тæрхондоны уынаффæ баххæст кодтой, ивар бафыстой. Æхцарайсæг адæймагыл арæзт уголовон хъуыддаг æвзарынц.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

## Сывæллæтты фæлладуадзæн рæстæг

# Сæ сæрд хъæлдзæгæй æрвитынц

**Дзæбæхгæнæн лагер "Фидæн" кусы Сывæллæтты сфæлдыстады галуаны 1987 азæй. Вæййынц дзы 7-15-аздзыд скъоладзаутæ. Кæд æмæ боныгон лагерты сывæллæттæ вæййынц сихоры онг, уæд "Фидæн" та фæкусы изæры фондз сахатмæ. Уый хорз æххуыс у ныййарджытæн.**



Ныртæккæ лагеры ис 180 сывæллоны, сæ фылдæр — æххуысхъуаг бинонтæй. Семæ цавæр куыст цæуы, уый тыххæй нын радзырдта лагеры директор **Калоты Тамарæ**:

— Æрвылаз дæр нæ лагеры арæзт æрцæуынц тематикон сменæтæ. Ныртæккæйы сменæ баст у Цæгат Ирыстоны адæмты æнæматералон культурæимæ. Проект хуыйны **"Ирыстон — мæ уарзт, мæ сæрыстырдзинад"**. Темæмæ гæсгæ саразæм пълан æмæ йæ бахæссæм алыхуызон къордтæм: кафыны, зарыны, чингуытимæ кусыны, ныв кæныны. Алы сменæ дæр, æнæмæнг, базонгæ вæййы нæ бæстæйы историимæ. Нæ сывæллæтты хъомыл кæнæм удварны, патриотон æмæ æнæниз царды уаджы бындуртыл.

Æрвылрайсом лагеры хъомылгæнинæгтæ скæнынц гимнастикæ, фæхъазынц пионерболæй, волейболæй. Æрæджы та дзы уыд "Национ хъæзтыты фестивал".

Программæмæ гæсгæ сывæллæтты акæнынц театрмæ. Æрæджы та байхъуыстой Гæздæнты Булаты оркестрмæ.

Уымæй уæлдай, Дзæуджыхъæуы цы фондз музейы ис, уыдоны алкæцыйы дæр лагеры хъомылгæнинæгтæ уыдысты. Стæй ма бабæрæг кодтой нæ республикæйы хæстон намысы бынæттæ.

Сменæйы дæргъы лагеры царды разæнгарддæрæй чи фæархайы, уыдонæн радтынц алыхуызон зæрдылдарæн лæвæрттæ.

**ГУÆЦÆЛТЫ Артур, ЦИПУ-йы журналистикæйы факультеты 2-æм курсы студент**

## "Иугонд Уæрæсе" бахыгъта

# Паддзахадон Думæйы уалдзыгон сессийы бæрæггæнæнтæ

**— Паддзахадон Думæ уалдзыгон сессийы цы закъæттæ сфидар кодта, уыдонæн сæ фылдæры бæрц цæттæгонд æрцыдысты "Иугонд Уæрæсе"-йы хъæппæрисæй, кæнæ та йæ депутатты æмархайдимæ, — загъта уалдзыгон сессийы бæрæггæнæнты брифинги фракцийы разамонæг Владимир ВАСИЛЬЕВ.**

"Паддзахадон Думæмæ хаст æрцыд 588 закъоны проекты, уыдонæй 292 æрцыдысты фидаргонд. Сæ 49 проценты сын цæттæ кодтой "Иугонд Уæрæсе"-йы депутаттæ, сæ 44 проценты та кодтой æмархайд. Сæйрагдæр та уый у, æмæ закъæтты проектты ахсджиагдæртæ фидаргонд æрцыдысты æмхъæлæсæй. Сарæзтой мадзæлттæ, цæмæй æнæхъæнæй дæр фæхуыздæр уой бирæсывæллонджын бинонтæ æмæ бизнесы уавæртæ.

19 регионы æмгъуыдæй раздæр æхгæд æрцыдысты сæ кредиттæ, уый сын фадат радта сæ экономикæйы рæзт фæхуыздæр кæнынæн. Хаст æрцыд арæзтады паддзахадон контрактты хыгъд фæтагъддæр кæныны уынаффæ, сæ иумæйаг аргъ у 2 триллион сомæй фылдæр. Уый у егъау гæнæн адæмон программæ æххæст кæнынæн, уым та нысангонд цæуынц æнæниздзинад хъахъхъæнынад, ахуырад, сывæллæтты уагдæтты объектты арæзтæдтæ", — фæнысан кодта Владимир Васильев.

Паддзахадон Думæйы фыццаг вице-спикер **Александр Жуков** загъта: "Иугонд Уæрæсе" Хицауадимæ иумæ сарæзта уавæртæ граждæнты бахъахъхъæнынæн, социалон хæстæ æххæст кæнынæн æмæ экономикæйы рæзтæн, бацæттæ кодта æмæ æвæстиатæй сфидар кодта антисанкцион закъæтты пакет.

"Уыдон сты: бизнес бæрæг кæнын бауромын, лизингы фарс æрлæууын, офсетон контрактты домæнтæ фæкъаддæр кæнын, антимонополон мадзæлттæ фæхуымæтæгдæр кæнын, уæрæсейаг инвесторæн æххуыс кæнын. Граждæнты социалон хъахъхъæдæн ветерантæ сæрибаргонд æрцыдысты æфтиæгты хъалонтæй материалон пайдатæ æмæ банкты æфснайд æхцаты процентты хуызы. Фæуæрæхдæр сты ныййарджыты æмæ опекунты бартæ хъалонты рацухтæ райсынæн сывæллæтты дзæбæх кæныны æмæ спорты архайыны тыххæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъалонты льготæтæ конд æрцыдысты алыхуызон организацитæн дæр", — зæрдыл æрлæууын кодта Александр Жуков.





"Иугонд Уæрæсе"-йы куысты ахсджиагдæр хъуыддæгтæй иу уыд сывæллонджын бинонтæн æххуыс. Уый тыххæй æххæстгонд æрцыдысты партийы адæмон программæйы быдурон хаймæ бахауæг цалдæр хъæппæрисы.

"8-17 азы онг сывæллæттæ кæмæн ис, уыцы бинонтæн нысангонд æрцыд æрвылмæй æхца фидыны фæтк, æмæ уыцы фæрæзтæ ныридæгæн исынц. Хæстæгдæр рæстæджы райсдзыстæм ахæм закъоны проект, цæмæй, йæхимæ зилын йæ бон кæмæн нæу, уыцы рынчын сывæллæттимæ барлæвæрд цæуа сæ ныййарджытæн дæр. Мах цы закъон райстам, уымæ гæсгæ цалдæр хуызы сывæллæттæ, уыдонимæ сидзæр сывæллæттæн лæвæрд цæудзæн æххæстпаддзахадон æххуыс æмæ уæлæмхасæн социалон гарантитæ скъолайы, колледжы, техникумы ахуыр кæнгæйæ", — радзырдта Паддзахадон Думæйы вице-спикер, партион къамисы сæрдар **Аннæ Кузнецова**.

Парти æмæ йæ фракци Паддзахадон Думæйы куыстой адæмон программæ сæххæст кæныныл, ахуырады къабазы фарстатæ закъондæттынадæй сифтонг кæныныл. Уыдонимæ контролы ис скъолаты бындурон цалцæджы программæ, "Иугонд Уæрæсе"-йы хъæппæрисæй уымæн бюджеты æвæрд ис 67 миллиард сомы.

Хицæн бынат ахсы закъондæттынады архайд уæрæсейаг æфсады ахадындзинад фæбæрзонддæр кæныны тыххæй.

"Мах æвæстиатæй ацы аз дыууæ хатты фæфылдæр кодтам æфсæддонты пенси. 1 июнæй фæстæмæ æфсæддонты пенси фæфылдæр уыдзæн 19 проценты. "Иугонд Уæрæсе"-йы хъæппæрисæй фидаргонд æрцыд хæстон фиддонтæ сфысынæй хъахъхъæнæг закъон. Мах ма райстам нодждæр иу закъон, уымæ гæсгæ, æфсæддонтæн фатертæ дæтгæйæ, хыгъд цæудзысты, æфсæддоны мæлæты фæстæ цы сывæллæттæ райгуыра, уыдон дæр. Уымæй уæлдай ма бахастам ахæм ивддзинæдтæ, цæмæй, службæгæнæг мадæлтæй сывæллонмæ чи кæсы, уыдонæн паддзахадон æххуыс фæфылдæр уа", — загъта Паддзахадон Думæйы хъахъхъæнынады комитеты сæрдар **Андрей Картаполов**.

Кæронбæттæны Владимир Васильев бафиппайдта, зæгъгæ, фæззыгон сессийы куыст дарддæр цæудзæн Уæрæсейы экономикæ фæхуыздæр æмæ граждæнтæн социалон æххуыс кæныныл.

РЦИ-Аланийы Парламенты "Иугонд Уæрæсе"-йы фракцийы разамонæг **Виталий Назаренко** куыд бафиппайдта, афтæмæй уалдзыгон сессийы рæстæг фракцийы закъондæттынады архайд дæр арæзт уыд граждæнты социалон хъахъхъæнынадмæ, ахуырады æнæлыггонд фарстатæм, экономикæйы рæзтмæ.

"Фракцийы уæнгтæ архайдтой Парламенты æркасты æмæ сфидаргонд закъæтты проектты се 'ппæты дæр иугондуæрæсейæгты хъæппæрисæй æвзæрст æрцыд 7 закъоны проекты, — фæбæлвырд кодта уый. — Уыдонимæ — закъоны проект "РЦИ-Аланийы Закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй "Хæсгæ сывæллоны бинонтæ æмæ сывæллон райсæг бинонтæн æмæ сывæллон райсæг ныййарджытæн æххуыс æмæ льготæты тыххæй" фыццаг бакастæй фидаргонд æрцыд июны æмбырды. Уыцы ивддзинады фæстæ хæсгæ сывæллонæн фыст цæудзæн 2500 сомы. Нысангонд дзы цæуы сывæллæттæн республикæйы æппынкъаддæр мызды бæрцы 30 проценты фидын. Ома, депутаттæ цы закъоны проект бахастой, уымæ гæсгæ, сидзæр сывæллæтты тыххæй цы æхца фыст цæуы, уый æрцæуыдзæн фылдæргонд.

**САНАТЫ Альбинæ**

## Газы хæдзарад

# Хæсдарæг абоненттæ

**Хъармгæнæн афоны фæуды фæстæ "Газпром межрегионгаз Дзæуджыхъæу" хæсдарæг абоненттимæ куыст фæкарз кодта.**

Афæдзы райдайæнæй нырмæ абоненттæм барвыстой газæй ифтонгад рæстæгмæ бауромыны тыххæй 31 мин хъусынгæнинагæй фылдæр.

Газ рæстæгмæ ахуыссын кæнын райдайыны агъоммæ 4 мин абоненты хæс æххæстæй бафыстой, 1941 адæймаджы та сфидар кодтой хæс къæпхæнгай бафидыны тыххæй бадзырдтæ, иннæтæ та газæй, йæ аргъ ын нæ бафидгæйæ, дарддæр пайда кодтой. 66,17 милуан сомы кæй хæсы иумæйаг бæрц у, ацы азы фондз мæймæ 1362 ахæм абонентæн газæй ифтонгад рæстæгмæ баурæдтой.

50 мин сомæй фылдæр кæй хæсы бæрц у, газæй ифтонггæнæг куыстуат уæлдай фылдæр æргом здахы ахæм абоненттæм (нæ республикæйы ахæм абонентты нымæц у 10,3 мин адæймаджы; адонæй 1380 адæймаджы рæстæгмæ фæцух кодтой газæй ифтонгадæй).

Уымæй уæлдай, ацы азы фондз мæймæ газы компаниты кусджытæ раргом кодтой газæй ифтонгад рæстæгмæ бауромыны фæстæ специалистты æвастæй газуадзæн хæтæлтимæ ифтонггæрзтæ баиу кæныны 640 цауы.



Специалистты æвастæй газуадзæн хæтæлтимæ ифтонггæрзтæ баиу кæныны цаутæ раргом кæныны фæдыл рейдтæ иудадзыг æххæстгонд æрцæуынц. Уымæй уæлдай, газæй ифтонгадæй рæстæгмæ кæй фæцух кæндзысты, ахæм хабар рагацау кæмæн фехъусын кодтой, æрвылбон газæй ифтонггæнæг кусæндæтты бригадæтæ рацæуынц газæй ифтонгадæй уыцы хæсдарæг абонентты фæцух кæнынмæ.

Газæй пайдагæнджытæ фиддонтæ афоныл цæмæй фидой, уымæн ахъаз кæнынæн регионы газы компаниты специалисттæ рæстæгæй-рæстæгмæ æххæст кæнынц хабæрттæ æмбарынгæнæн куыст. Бадзырдмæ гæсгæ, газæй ифтонггæнæг куыстуат йæ куысты хæстæ æнæлазæй кæд æххæст кæны, уæд абоненты хæс у фæлхасгонд газы аргъ афоныл бафидын.

**Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Газпром межрегионгаз Дзæуджыхъæу"-ы пресс-службæ**

## Фыдбылызæй хызт ут

# Карз нозт зианхæссæг у

**Куыд зонæм, афтæмæй æрыгон адæймаджы конд у æндæрхуызон. Уæлдайдæр та — йæ сæры магъз. Уымæ гæсгæ нозт рæзгæ фæлтæрæн у фыдбылызы хос. Йæ нервыты системæ нырма лæмæгъ вæййы, æмæ йæ нозтæн йæ бон у æнцонтæй фехалын.**

Цытджын скæсæйнаг дохтыр Авиценнæйы ныхæстыл нозты тыххæй æрыгон адæмæн, бирæ рæстæг рацыд. Сæн, дам, рæзгæ адæмæн у, цыма артмæ ма арт æфтауыс, уыйау. Уыцы ныхæстæ ахсджиаг сты мах рæстæджы дæр.

Ахуыргонд адæм рагæй сбæлвырд кодтой: 20 азмæ адæймаг нуазын куы райдайы, уæд уый свæййы нозтыл фыдахуыр. Æрыгон адæймаг 6-8 хатты тагъддæр сахуыр кæны йæхи уыцы маргыл. Афтæмæй, бирæтæ сæхи фæдзæбæх кæнынц нозты низæй, æмæ, дзы хъыгагæн, фылдæр хатт ницы рауайы.

Алыхуызон æфсонæй райдайынц нуазын фæсивæд: чидæр йæ ныййарджытæм, чидæр йе 'мгæрттæм гæсгæ, фæлæ уæддæр уый нуазыны æфсон нæу. Уыцы кары адæймагæн йæ сæры магъзы конд ивгæ фæкæны, уымæ гæсгæ вæййы æнцон фæцæфгæнæн. Нозты та ис этилон спъирт — сæры магъзæн фыдбылыз. Фæцæф вæййы, ахуырыл цы хай дæтты дзуапп, уый. Адæймагæн йæ сæр нал фæкусы, нал æй фембары, цы куыстыл хæст у, уый. Уымæ гæсгæ канд Ирыстоны нæ, фæлæ æнæхъæн Уæрæсейы дæр арæх ис фехъусæн, æрыгон адæм фæндагон фыдбылызы сæхи куыд бафтауынц, уый.



Афтæ тæссаг у адæймаджы игæрæн дæр. Æрыгон адæймагæн, ас адæймагимæ абаргæйæ, раздæр райдайы хæлын æмæ фылдæр хатт æвзæр низмæ асайы. Æнæуи, бæгæны нуазгæйæ, дæр адæймаджы уæнгтæ æмæ стджытæй ацæуы минералон буаргъæд.

Адæймагæн канд йæхицæн нæ вæййы æвзæр, фæлæ ма йе суинаг сывæллæттæн дæр. Арæх нуазаг адæмæн райгуыры рынчын кæстæртæ. Æмæ дзы уыдон цы аххосджын вæййынц?! Вæййы афтæ дæр, æмæ сæ бон сывæллон ныййарын дæр нал вæййы.

Уымæ гæсгæ, нозт адæймагæн у фыдбылызы хос. Стырæй, чысылæй — иууылдæр хъуамæ хъахъхъæной сæхи, цæмæй сомбон цард уа рæсугъд æмæ æнæфыдбылыз.

**ЗÆГÆЛТЫ Дзерассæ, ЦИПУ-йы журналистикæйы факультеты 2-æм курсы студенткæ**



“Ælутон”-ы фарс цæуын райдыдта 1999 азы 19 июны. № 613

Фиппаинаг

# Дзуарылæгтæ



Таранджелос

**Ирон адæммæ дзуары бæрæгбæттæ уæлдай кадджындæр сты рагæй-нырмæ. Сæ фылдæр бæрæг кæнæм сæрдыгон афон. Алы комы, алы хъæуы дæр ис йæхи кувæндон æмæ дзуарылæг. Дзуарылæгæн-иу æвзæрстой кадджындæр, æгъдауджындæр æмæ дзырддзæугæдæрты. Фæлæ, хъыгагæн, æрæджы уыдтæн æвдисæн, дыууæ нæлгоймаджы, кæрæдзиимæ ныхас кæнгæйæ, иу иннæмæн афтæ куы загъта, дзуарылæгæй æнцондæр, дам, абон цæрын никæмæн у, æхца дын куывд скæнынæн дæр фаг æмæ дæ дзыппы сæвæрынæн дæр.**

Хъыг мын уыдысты ацы ныхæстæ, фæлæ цы сдзурдзынæ æнæзонгæ нæлгоймагмæ? Ныртæккæ уайдзæфтæ кæнæн скъоладзаутæн дæр нæй, чи дæм кардæй бавзиддзæн, чи та хæцæнгарзæй. Ахæм рæстæджытæ ныл скодта, æмæ фыд йæ фыртæн дæр, "ма кæн", зæгъын нал уæнды. Мæ сæйраг ныхас та у дзуарылæгтыл. Мæхи æмбарынхъом куы фæдæн, уæд мæ царды сæмбæлдтæн дзуарылæгтæй дыууæйыл — Дæргъæвсгомы Гуццаты найфаты — Гуццаты Хадзымæт æмæ йæ фæстæ та йæ фырт Петяйыл. Хуымæтæг ныхæстæй нæй радзурæн ацы нæлгоймæгты æгъдау æмæ удысконды тыххæй. Сæ кад æмæ сæ фыдæбон ирон адæмæн кæуылты сты. Цы бирæ цæстдзыд æмæ сæм тарст сабитæ фæластой найфатмæ, уыдоны нымæц банымайæн дæр нæй. Сæ нæмттæ абон дæр рох не сты, канд дæргъæвсæгтæй нæ, фæлæ сын сæ æххуыс чи банкъардта, уыцы æрцæуæг адæмæй дæр. Айларты Измаил дзуарылæгты миниуджыты тыххæй фыста:

"Зæххон мадæй райгуыргæ дзуарылæг нымад цыдис зæдтæ æмæ дауджыты хуызæн. Æхсæны минæварыл, æууæнчы æвдисæныл кувæг адæмæй бардуæгты астæу. Дзуарылæгæн хъуыди адæймаджы хуыздæр миниуджытæ: рæстад æмæ бæрнон, цæстуарзон, æгъдауылхæст, намысджын, хæлар, тæригъæдгæнаг, дардмæуынаг æмæ хæдзонд уæвын. Дзуарылæг ирон уырнынадмæ гæсгæ æнцади раст тæразыл, æмæ йæ фæлывд митæ фыдазымау тыхстысты йæхи сæрыл. Дзуарылæгæн æвзæрстой хистæрты, фæлæиу сæ хыгъдмæ бахауд æрыгæттæ дæр, уымæн æмæ фыдæлтæн зонд хистæрæй кæстæры сæрыл нымад нæ цыди. Бæззыс, арæхсыс, уæд — кувинаг, нæ бæззыс æмæ нæ арæхсыс, уæд — койаг æмæ дзуринаг.

Дзуарылæгтæ цыдысты сыгъдæгæй, куывтой аивæй, мидисджынæй, амыдтой цæстуарзонæй. Кастысты нывондæгты уæнты æмæ дзырдтой æрцæуинаг цаутыл. Дæсны фарстой къæбæлтæй, хъултæй, фæрсчытæй, дзæнхъа тымбыл чысыл дуртæй. Æвзæрстой боныхъæд æрдзон æууæлты, хатыдтой Галæгоны, Уахъæзы, Мигъдауы, Хуызивæны митæ.

Дзуарылæгтæ уыдысты хъæуты, кæмтты номыл кувæндætты æфсинтæ, найфаттæ æфснайджытæ. Кодтой дзуæртты бын бæрæг уагыл кусæртытæ, фыхтой цæдджджинæгты æхсæны бæгæны, æвæрдтой кувæндætты къусчыты куывддон адæмы сыгъдæг мысайнæгтæ. Æппæрстой аххосаджы хæлттæ рынчынты, цæстдзыдты, хиндзыдты номыл. Ард хæрын кодтой æууæнчы уагыл æмæ истой цъындытæ".

Нырыккон æхсæнады цардмæ та бирæ ивддзинæдтæ "æрбахызт", куыд Уæрæсейы æндæр адæмтæй, афтæ фæсарæйнаг бæстæтæй дæр. Абоны ирон фæсивæд нæ, фæлæ иуæй-иу хистæртæ дæр нæ зонынц, цы сты дзуарылæджы хæстæ, æрмæст нæм цалдæр азы зымæгон афон "Насы" бæрæгбон (Хэллоуин) бæрæг кæнын райдыдтой.

Цы бар дары ирон адæммæ ацы бæрæгбон? Адæймаг адджынæн цы халсар æрзайын кæны, нас, уый хуылф ссыгъдæг кæн æмæ дзы судзгæ цырагъ нывæр æмæ тæрсын кæн дæ алыварс адæмы. Цавæр хъуыды æвæрд ис ацы æгъдауы?

Уæлдæр цы дыууæ нæлгоймаджы кой ракодтон, уыдон фаутæ æндæрбæстаг бæрæгбонмæ нæ хæссынц, нæхи дзуарылæгты архайдæн та аргъ нæ кæнынц. Искæй хорзæй дæхи æвзæрыл баввæрс.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

Историйы сыфтæ

# Рагон къухфысты разынд алайнаг дамгъуат

**Ирландиаг эпосы ис таурæгъ скифаг паддзах Фени Фарсайдейы тыххæй. Уый сарæзта, дунейы æппæт дамгъуаттæн дæр бындур чи сæвæрдта, ахæм дамгъуат. Фæлæ, ацы хъусынгæнинагæй фæстæмæ, скифаг дамгъуаты тыххæй никуы ницы фехъуыстон.**

VII æнусы Историйы цæрæг скифаг адæмыхаттæй цавæрдæр Этик цы "Космографи" ныффыста, уый бакаст, астæуккаг æнусты размæ цы немыцаг автор цард, уый — Мавро Грабан, æмæ, алы фыссынæдты тыххæй цы куыст ныффыста, уырдæм бахаста, Этикæй кæй райста, уыцы цымыдисаг дамгъуат.

Фæлæ хæрз æрæджы сæмбæлдтæн VII æнусы скифаг философ Этик Истрийскийы "Космографийы" тыххæй иртасæн куыстыл. Уым ссардтон "Космографийæ" ист скифаг дамгъуат. Арæзт у цалдæр номхыгъдæй. Кæрæдзийæ хицæн кæнынц дамгъæты нымæцæй æмæ сæ нæмттæй. Уыцы номхыгъдтæ куы баиу кæнай, уæд дамгъуаты разындзæн 26 дамгъæйы.

Дамгъæтæ лæвæрд цæуынц дыууæ цæджындзæй, алы цæджындзы дæр 13 дамгъæйы, афтæмæй. Фыст цæуынц сæрмагонд хуызы. Фыццаг дамгъæ цæуы, стæй йæ ном цавæрдæр æнæмбаргæ 'взагыл, уый фæстæ та латинаг æвзагмæ тæлмацæй. Уымæй дарддæр, **фыццаг цæджындзы** цы латинаг дзырдтæ ис, уыдонæн сæ фылдæр сты миногонтæ, **дыккаджы** та — мивдисджытæ. Афтæмæй цæджындзтæ æвæрд сты кæрæдзийы акомкоммæ: 1-аг дамгъæ ис 14-æм дамгъæйы ныхмæ, 2-аг дамгъæ — 15-æм дамгъæйы ныхмæ æмæ афтæ дарддæр. Цыма дзы афтæ фыст ис, ахæм æмæ ахæм сарæзта уый æмæ уый..., зæгъгæ.




Ам, дамгъæты нæмттæм гæсгæ лæвæрд цæуынц дзырдтæ алы номхыгъдтæй æмæ сæ тæлмац.

**1. Alamon (alamoy, alamos, alicmoy, abmoi Alemoxi) — alacris — цæрдæг, удæгас, æвзыгъд. Alamæn<ary?nan — цырд, цæрдæг, змæлаг. Рагон ир. ar — змæлын, согд. 'rn (*arnu-) — разæнгард кæнын, змæлын кæнын, авест. arenav — хæст, тох, aurva — цæрдæг, сæрæн, ныфсхаст æмæ афтæ дарддæр.**

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Ирон фарн

# Хуыцаумæ кувын — удсыгъдæггæнæн

**1100 азы сæххæст, нæ фыдæлтæ, алантæ, Чырыстон дин исын куы райдыдтой, ууыл. Уый уыд 917 азы, Цæгат Кавказы ма нæ фыдæлтæ Зеленчукæй Дагестаны арæнтæм зæххы тыгъдады куы цардысты, уæд. Йæ тæваг сæм хастой византиаг Чырыстон дины кусджытæ. Æмæ сæм уыдоны арæзтадон уагыл аразын райдыдтой аргъуантæ. Абоны Хъæрæсе-Черкесты республикæйы æрмæст Архызы (Æрвхуызы) комы ис æртæ аргъуаны. Цæугæдон Архызы (Æрвхуызы) иннæ фарс цæхгæр хохы фахсыл та — аланты байбын ингæнтæ. Уыцы фахсыл егъау къæй-къулгондыл цалдæр азы размæ археологтæ раргом кодтой Чырыстийы уазныв. Æмæ йæ ныммыхуыр кодтой Уæрæсейы сæйраг газеттæ.**

Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй амы горæт уыцы рæстæг уæды Парижæй стырдæр уыд. Ардыгæй Чырыстон дин парахатгонд цыд æппæт Аланыстоныл дæр, æввахс рæтты цæрджытæй кæй фæндыд, уыдон ацы аргъуантæм цыдысты сæхиуыл дзуарæфтауынмæ. Амы дины кусджытæн фидар бастдзинæдтæ уыд Византийы сæйраг горæт Константинополимæ (ныры Стамбул).

Аргъуантæ арæзт цыд æрмæст ацы комы нæ, фæлæ Аланыстоны æндæр рæтты дæр. Махмæ дзы цы æрхæццæ, уыдонæй у Лабæйы (Къостайыхъæуы) сæрмæ Суаны аргъуан. Алы аз дæр 6 майы йæ быны сбæрæг кæнынц Уасджеорджийы райгуырæн бон. Æмæ æрмæст ирон адæм нæ, фæлæ амы зылды цæрæг иннæ адæмтæ дæр. Æрбацæуынц æм Стъараполы æмæ Краснодары крайты алы горæттæ æмæ хъæутæй дæр.

Аланты аргъуантæй иу та ацы зæххыл ис Тебердайы. Хуыйны Сентины аргъуан. Уым цалдæр азы размæ кодтой археологон æмæ реставрацион куыстытæ. Уый фæдыл газет "Труд" фыста: “Сентины кувæндоны византиаг уазнывтæ цалцæггæнгæйæ, реставратортæ ссардтой æрдæгхæлд бердзенаг фыстытæ. Уыдонæй куыд сбæрæг, афтæмæй Уæрæсейы зæронддæр кувæндон рухсгонд æрцыд æмæ кусын райдыдта 967 азы 2 апрелы". Уырыс Чырыстон дин райстой 988 азы, алантæй 70 азы фæстæдæр.

Аланты аргъуантæ — Сентины, Суан æмæ Дæллаг Архызы æртæ чырыстон аргъуаны — сæ рагондзинадæй, сæ архитектурæйæ сæхимæ рагæй здахынц ахуыргонд археологты, историкты, дины кусджыты, туристты. Суанг фæсарæйнаг алы бæстæтæй дæр.

Чырыстон дин ирон адæмæн æцæгæлон никуы уыд. Нæ рагфыдæлтæм æй æппæты фыццаг æрбахаста Чырыстийы 12 апостолты фыццагдæр (Первозванный) Андрей. Уый тыххæй загъд ис 1891 азы Мæскуыйы уагъд "Библейская энциклопедия"-йы. 2008 азы Санкт-Петербурджы уагъд чиныг "Православие. Полная энциклопедия"-йы та фыст ис: "Симон (Петр) и брат его Андрей — галилейские рыбаки. Петр потом станет первым из апостолов и мученически умрет в Риме, а Андрей (Первозванный) будет проповедовать в Скифии и на Кавказе". Уый — нæ азнымады æртынæм азты скифтæ æмæ сæрмæтты фæстæ алантæ куы фæзындысты, уæд. Уыдон та цардысты Хъырым æмæ Цæгат Кавказы.

Уæд Чырыстон дин не 'рфидар нæ фыдæлтæ алантæм. Цымæ цæуылнæ? Уымæн æмæ сын цы дины хорздзинæдтæ амыдтой, ахæмтæ уыдис сæхи ариаг дины дæр. Иу Хуыцаумæ кувын, адæмтæ иууылдæр иу Хуыцауы сфæлдыст кæй сты, æмхуызон сæ кæй уарзы, хъулон хъæбулау дзы кæйдæр фылдæр кæй нæ уарзы, хорз æмæ сæ æвзæрæй кæй не 'взары. Фæлæ, се 'хсæн æвзæртæ куы фæзыны, уæд ын уый мæтаг кæй свæййы æмæ æдзухдæр рæстдзинадыл, æмсæрдзинадыл архайæг адæмы фарс кæй у. Уыцы хъуыдытæ æмæ æнкъарæнтыл та Чырыстийы бафтыдта, англисаг, немыцаг æмæ францаг ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй Заратустрæйы динон концепциимæ куы базонгæ, уæд уый. Уый уæд сагъæс кодта, йæхæдæг арамейаг кæй уыд, уымæ гæсгæ дзуттæгты динамонджытæ, фарисейтæ, сæхи Хуыцауы æвзæрст адæмыл цæмæн нымайынц, ууыл.

Мах, ирæттæ, ирайнаг адæм кæй стæм, уый дызæрдыггаг никæмæнуал у. Заратустрæ та уыд, ирайнаг адæмты динон уырнынад чи æрбæстон, бабиноныг кодта, Хуыцауы комытæф кæмæ хæццæ кодта, уыцы сыгъдæг уд. Æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уый æнцой кодта ариаг динон уырнынады бындуртыл. Ариæгтæ та ирайнæгтæ кæй уыдысты, уыцы хъуыдыйы рæстдзинад дæр дунейы бирæ зындгонд ахуыргæндтæ сфидар кодтой. 2007 азы Мæскуыйы джиппы рацыд англисаг зындгонд ахуыргонд Гордон Чайлды чиныг "Арийцы". Основатели европейской цивилизации". Уым 13-14 фæрстыл фыссы: "Гæнæн ис, æмæ ирайнаг Заратустрæ йæ фæд ныууагъта суанг дзуттаг пехуымпарты зондахастытыл дæр Хуыцауы хъуыдытæ исыны фарстайы. Уый сырæзт цавæрдæр мыггагон æмбарынæдтæй, бæрæг дунейы фæткы сагъæстæ парахатгæнгæйæ. Уым хицауиуæг кодтой сæрмагонд æрдзы тыхтæ кæнæ монон удтæ. Бæлвырд æмæ фидарæй зæгъæн ис: Хуыцауысконд Закъон, кæнæ Космосон фæткæвæрд раст сты фыццаг ариæгтимæ. Уыдон историйы сыфтыл фæзындысты рæстæмбис нымадæй 3500 азы размæ. Суанг фыццаг ариæгтæ дæр куывтой, æппынвæстаг, иуæн, Хуыцауæн, Æрвон Фыдæн"

Хуыздæр ма куыд ис зæгъæн, ирон адæм ирайнаг æмæ ариаг адæмтæй кæй сты, уый тыххæй. Мах дæр Стыр Хуыцауы хонæм нæ Фыд æмæ дзы тæрсгæ нæ кæнæм (йæ фыдæй чи тæрсы — йæхи хорз чи нæ дары, уый), фæлæ йын табу кæнæм, кувæм æм. Нымд дзы кæнæм æмæ нæхи хъахъхъæнæм фæрæдийынæй. Рæдыд чи æруадзы, уый та дзы кувæндоны бын, йæ зонгуытыл лæугæйæ, хатыр ракуры. Кувæм æм курæгау, мыййаг, куы фæрæдийæм, уæд нын æй æнæзонæджы хатыр бакæн, зæгъгæ.

Ирæттæ ирайнаг адæм кæй сты, ариæгтæ та ирайнæгтæ кæй уыдысты, уый дæр дызæрдыггаг нал у. Ахуыргæндтæ йæ сæ наукон куыстыты сфидар кодтой, дæнцæгтæ, бындуртæ ссардтой сæ иртасæн хъуыдыйæн. Гитлеры æмæ йæ алыварс фашистон æрдонгты дæр фæндыди, ариæгтæ куы уыдаиккой, уый. Фæлæ фæндонæй ницы уайы, бындур ын куы нæ уа, уæд. Ариаг ном сыл не сбадт. Уый нæ, фæлæ ма ариæгты герб-свастикæйы фæчъизи кодтой, дунейы цæрæг адæмæн æй фенад кодтой.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй Чырыстон дин ирæттæн æцæгæлон нæу. Уымæй ирон адæм иу дины ныхмæ дæр не сты. Алы дин дæр равзæрд адæмы зæрдæйы æмæ зондахасты хорздзинадæй, адæмы пайдайæн, сæ иудзинад æмæ кæрæдзи æмбарындзинадæн. Рæстзæрдæ адæймæгтæ дины фæрцы адæмы æнгомдзинадыл архайынц, цæмæй сын царды зындзинæдты сæрты иумæ æмдыхæй ахизын æнцондæр уа. Фыдзондыл хæст чи у, уыдоны къухы та свæййы адæмты кæрæдзийыл ардауыны хотых.



Дин адæмы æнгом кæны. Уырысæн Чырыстон дин куы нæ уыдаид, уæд сын абон ахæм стыр паддзахад нæ уаид. Нæ фыдæлтæ, алантæ дæр Чырыстон динмæ се 'ргом хуымæтæджы нæ аздæхтой. Фæлæ сæ хъысмæт æндæр рауад — тæтæры æрдонгтæ сæ бындзагъд ныккодтаиккой, нæ хæхтæ нæ куы нæ бахъахъхъæдтаиккой, уæд. Цæгат Кавказы быдырты ма баззадысты сæ аргъуантæ. Уыдон æвдисæн сты, Чырыстон дин сын æцæгæлон кæй нæ уыд, уымæн.

**ЦГЪОЙТЫ Хазби**

Фарс бацæттæ кодта
САУТÆТЫ Тамилæ



Нæ фыдæлты хабæрттæ

# Афтæ фæзæгъынц

**Ирон адæмы царды уаг тынг рагæй дæр баст уыдис уырнынадимæ. Нæ фыдæлтæ æууæндыдысты алцæуыл дæр: уырнæнтæ æмæ мæнг уырнæнтыл. Зæгъæм, адæймаг цæугæ-цæуын йæ къах дурыл скъуырдта, уæд-иу æм тызмæг хъуыдытæ фæзынд, мæ балц нæ фæрæстмæ уыдзæн, зæгъгæ, æмæ хъæуы фæстæмæ раздæхын. Ахæм уырнæнтæ баст уыдысты адæймаджы психикон уавæримæ, йæ зæрдæйы æмæ зонды цы хъуыдытæ æвзæрдис, уыдон царды æнаиппæй, сыгъдæгдæрæй æххæст кæныны æмæ хи æппæрццæг фæзындтытæй хъахъхъæныны мадзæлттимæ. Ацы темæ дæр ирон адæмы сфæлдыстады иу хай у, æмæ дзы бирæ хъæздыг æрмæг ис. Зындгонд фыссæг Хъайттаты Сергей уый фæдыл цымыдисаг хабæрттæ æрæмбырд кодта:**

### Халоны уаст

Халон хæдмæлхор кæй у, стæй йæ базыртæ сау-сауид кæй сты, уымæ гæсгæ йын кад нæй. Адæм фæзæгъынц: "Халоны уаст фыдбылыз сайы", стæй "Халон фыдбылызтæм æмхиц у". Афтæмæй та халон зондджын маргъ у. Нæма йæм февзиддзынæ, афтæ атæхы, цыма дын дæ хъуыдытæ базоны, цыма йе уæны кæсы. Мæнг нæ фæзæгъынц: "Халонау йе уæны кæсы"....Фæлæ, уæддæр афтæ баззад: "Халоны уаст фыдбылыз сайы".

### Сау гæды

"Дæ развæндагыл цæхгæрмæ куы ахиза, уæд фыдбылыз у", — ахæм уырнынад тынг раджы равзæрд. Нæ фыдæлтæ бафиппайдтой, гæды æхсæв дæр хорз кæй уыны. Ноджы ма йæ цæстытæ талынджы цырæгътау æрттивынц. Уый, дам, дзæгъæл хуымæтæджы нæу, — хъуыды кодтой нæ рагон хистæртæ. Уырнæг адæм æнхъæлдтой сау гæдымæ цыдæр дæлимонты тæваг хæццæ кæны, кæнæ та дæлимон йæхæдæг фесты сау гæдыйы хуызы, æмæ дын иугæр дæ фæндаг алыг кодта, уæд фæстæмæ раздæх.

### Цæххы акалд

Цæххы акалд фыдбылызмæ цæуы, зæгъгæ, ахæм уырнынад дæр рагзамантæй баззад. Раджы цæхх тынг зын ссарæн уыд. Сыгъзæрины аргъ кодта, уый нæ, фæлæ ма хатгай сыгъзæринæй зынаргъдæр уыд. Уымæ гæсгæ-иу цæхх куы акалд, уæд-иу æнæ загъд-замана рауайгæ кæм уыд... Хыл та фыдбылыз у... Уæдæй нырмæ баззад:" Цæххы акалд фыдбылызмæ цæуы". Æмæ абон дæр ацы хъуыдыимæ бирæтæ сты разы, цæхх фыңгыл акалд, уæд ыл уырдæм дон иучысыл æркалынц.

### Бæхы цæфхад



Амондджын цæфхад, зæгъгæ, баззад фыдæлтæй. Цæмæн æууæнды ирон адæймаг, бæхы цæфхад амонд хæссы, ууыл? Рагзаманты иуæй-иу адæмтæ æууæндыдысты, бæхмæ хæйрæджытæ нæ уæндынц, æввахс æм нæ цæуынц, зæгъгæ, хъуыдыйыл. Уымæ гæсгæ адæймаг тынг ныфсджын уыд бæхимæ. Бæх ссис аргъæуттæ сæр, уæлæрвты тахт, адæймаджы, дам, йæ хъæлæсæй зыдта. Æмбисонд дæр ма нæм ис, фосæй бæхæй уæздандæр нæй", зæгъгæ. Лæгимæ топпы дзыхмæ уый йеддæмæ ничи цæуы. Бæхы уыцы миниуджытыл æууæндгæйæ-иу хæдзары сæр, кæнæ йæ ныхыл арæзтой бæхы нывгæндтæ хъæдæй. Фæстæдæр та цæфхад къуырдтой дуарыл, къæсæрыл, тарвазыл. Иугæр бæх кæд фыдбылызæй хизы, уæд йæ цæфхад дæр хъуамæ хъахъхъæна хæдзарвæндаг.

### Галиу къахæй сыстын

Цы аххосджын у галиу къах? Ис ахæм уырнынад:" Адæймаг йæ галиу къахæй фæкалд, уæд, цы хъуыддагмæ рараст, уымæн фæрæстмæгæнæн нæй. Галиу цæст кæнæ æрфыг схордта— æнхъæлмæ кæс цыдæр бæллæхмæ". Цæимæ баст у ахæм уырнынад? Рагзаманты уырнæг адæм æнхъæлдтой, цыма алы адæймагæн дæр æппынæдзух йæ галиуварсæрдыгæй фæцæуы исты фыдбылыз, знаггад кæныныл архайы, кæй фарсмæ цæуы, уымæн. Абон дæр ацы уырнæн æхсæнады нæ фесæфт.

### Къухист къæсæры сæрты

Къæсæры сæрты къух дæттæн цæуылнæ ис? Фыдæлты заман нæ, фæлæ ныр дæр къух нæ фæдæттынц къæсæры сæрты. Кæцæй рацыд уыцы тауыс? Дзурынц афтæ: зæронд адæм стыр кад кодтой сæ мард фыдæлты удтæн. Каст сæм ноджы, цыма уыдон адæймаджы цардмæ цыдæр бар дарынц. Куыд дзырдтой, афтæмæй къæсæр уыдис фыдæлты удты бадæн. Рагзаманты мæрдты ныгæдтой хæдзары къæсæры бын, уымæ гæсгæ дзырдтой: "Къæсæры сæрты (ома, фыдæлты удты сæрты) æгасцуай кæнын не ‘мбæлы".

Æппæт ацы уырнæнтæ алы ирон хæдзары дæр зонынц æмæ сæ бирæтæ абон дæр сæ царды уаджы зæрдыл дарынц. Куыд зонæм, афтæмæй рохуаты нæ баззадысты.

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# "Аланыстон" цæттæ у чемпионатмæ

**Дзæуджыхъæуы "Аланыстон"-йæн Уæрæсейы ацы азы фыццаг къорды чемпионатмæ йæхи цæттæгæныны фæстаг æмбырд цæуы Мæскуыйы облæсты, горæт Наро-Фоминскы.**

Тренировкæтæ кæнынæй уæлдай ма нæ командæ акодта цыппар æмбаладон хъазты. Ахæм фембæлдытæ хорз ахъаз сты чемпионатмæ цæттæ кæныны хъуыддаджы.

**Тедеты Зауыры** разамындæй "Аланыстон" йæ фыццаг хъазт акодта Мæскуыйы "Спартачы" фæсивæдон командæимæ. Сæ фембæлд ахицæн 2:2 хыгъдæй. Уый фæстæ нæ командæ фембæлд уæлдæр къорды хъазæг "Химки"-йы дыккаг командæимæ æмæ сыл фæуæлахиз 4:2 хыгъдæй. ""Аланыстон"-ы æртыккаг ныхмæлæууæг уыдис Калиниграды "Балтикæ". Ацы фембæлды дæр "Аланыстон" фæуæлахиз 1:0 хыгъдæй.

Нæ футболистты фæстаг æмбаладон фембæлд уыд знон изæрæй Хабаровскы "СКА"-имæ.

Райсом "Аланыстон" æрыздæхдзæн Ирыстонмæ æмæ йæхи цæттæ кæндзæн 2022-2023-азты чемпионаты фыццаг хъазтмæ. Уыцы фембæлд 18 июлы "Аланыстон", куыд фысым, акæндзæн Грознайы, Билимхяновы номыл стадионы Дагестаны командæ "Динамо-Махачкала"-имæ 18 июлы.

Чемпионаты райдайæны размæ нæ командæйы æрцыдис ивддзинæдтæ. Ацы азы чемпионаты нæ командæйы фарсхæцджытæ "Аланыстон"-ы рæнхъыты нал фендзысты нæ рæстдзæвин æрдæгхъахъхъæнæг **Гуырцъыты Батрадз** æмæ **Кобесты Давиды**. Дыууæйæ дæр хуынд æрцыдысты Уæрæсейы Уæлдæр къорды командæтæ "Оренбург", æмæ "Пари-Дæллаг Новгород"-мæ.

"Аланыстон"-æн йæхимæ дæр хуынд æрцыдысты ног хъазджытæ. Сæ иу у **Цоциты Алан** (хъазыд "Балтикæ" æмæ "Чайкæ"-йы), иннæ та у Мæскуыйы командæ "Велес"-ы хъазæг **Александр Коротков**.



Футболуарзджытæн гæнæн ис, æмæ сæ хъазгæйæ фендзысты 18 июлы, Грознайы.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Паддзахадон арæн

# Æнæзакъонæй – тамако

**Цæстдарæн-уадзæн бынаты "Уæллаг Ларс"-ы радхæссæг Таможняйы федералон службæйы кусджытæ Гуырдзыстонæй Уæрæсемæ 340 милуан сомы аргъ кальяны тамако æнæзакъонæй æрбаласыны фæлварæнæн кæрон сæвæрдтой.**

Документтæ куыд амонынц, афтæмæй цыппар уæзласæн хæдтулгæйы амынд товар хъуамæ баластаиккой Китаймæ, фæлæ таможняйы кусджытæ баласты æмгъуыды фæуды фæстæ амынд тамако ссардтой Уæрæсейы фæзуатыл.

Æдæппæт тæлæтгонд æрцыд Турчы уагъд кальянæн милуан пластмасс бæрцуат æмæ тамакойы къоппы.

Стыр бæрцæй тамакойы контрабандæйы цауыл Уголовон кодексы 200.2 статьяйы 1 хаймæ гæсгæ сарæзтой уголовон хъуыддаг.

Адæмæн зонинаг: стыр бæрцæй тамакотæ æнæзакъонæй ласыны тыххæй адæймаджы фæивар кæнæн ис милуан сомæй, кæнæ, тæрхон кæмæн скодтой, афæдзæй æртæ азы онг æмгъуыдмæ, ахæм адæймаджы мыздæй æви æндæр æфтиагæй, кæнæ адæймагæн рахæссæн ис фондз азы æмгъуыдмæ йæ æнæмæнг æххæстгæнинаг куыстыл бафтауыны, науæд та йæ амынд æмгъуыдмæ сæрибардзинадæй фæцух кæныны тæрхон.

**Цæгат Ирыстоны Таможняйы пресс-службæ**

## Аивадон изæр

# Цæмæй студентты курдиат раргом уа

**Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты студенттæ сæ сесси кæй сæхгæдтой, уый тыххæй сарæзтой сæрдыгон аивадон изæр.**

ЦИПУ-йы медиацентр "RECORD" арæзт æрцыд дыууæ азы размæ. Ис ын йæхи нымæцон фæзтæ, æмæ университеты мадзæлттæ дæр канд мыхуыр нæ кæны, фæлæ ма сисы видеотæ дæр. Арæх æрæмбырд вæййынц фæсивæд ахæм тематикон мадзæлтты. Ацы хатт дæр та "RECORD" бацархайдта цымыдисаг фæлладуадзæн боныл. Сценæйæ райхъуыстысты зындгонд зарджытæ æмæ æмдзæвгæтæ, уыдонимæ ма сæхи хъæппæрисæй фыст уацмыстæ дæр.

— Æз уарзын ахæм мадзæлттæ, уыдон нын æххуыс сты хи равдисынæн. Студентты курдиат раргом вæййы ахæм изæрты руаджы, уыимæ ма ссары ног æмбæлттæ, — загъта ЦУПУ-йы географи æмæ геоэкологийы факультеты цыппæрæм курсы студент **Дзасохты Алыксандр**.

Арæх ахæм мадзæлттæм æрбацæуынц нæ республикæйы уазджытæ дæр. Ацы хатт дзы уыдысты Мæскуыйы радиотехникæ, электроникæ æмæ автономикæйы институты волонтертæ.

**ГОБОЗТЫ Агуындæ**

## Æрыгæтты семинар

# Уарзон дæсныйад

**Цæгат Ирыстоны Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты хъæппæрисæй фæндзæм хатт арæзт æрцыд фæлладуадзæн мадзал "Media Camp". Байгом æй кодтой Чмийы лагер "Стъалы"-йы бындурыл. Ам мыхуыры фæрæзты кусджытæ зонгæ кæнынц сывæллæтты журналисты дæсныйадимæ.**

Фæлтæрæнты хуызы фæсивæд фыстой сæхи уацтæ, Агуындæимæ иумæ равзæрстой сæ куыстытæ. Сбæлвырд кодтой сæ уацты хъæндзинæдтæ æмæ ирон публицистикæйы тыххæй фылдæр базыдтой.

Уыцы бон ма сывæллæттæн мастер-класс сарæзта "ИрыстонТВ"-йы кусæг **Хынцæгты Хетæг**. Уый бацамыдта йе 'мгæрттæн телепрограммæйы амонæджы куыст, радзырдта адæймаджы ныхасыхъæды ахсджиаг бынаты тыххæй.



Нæ кæстæр фæлтæр тырнынц ног дæсныйад базонынмæ, чидæртæ та рагæй зонгæ сты йемæ, æмæ сæ зониндзинæдтæ уæрæхдæр кæнынил архайынц. "Media Camp" æххуыс у сывæллæтты дыууæ къордæн дæр, уыимæ ма хистæр журналисттæн дæр. Уыдон бацæттæ кæнынц лекцитæ, цымыдисаг фæлтæрæнтæ, хъæзтытæ æмæ журналисты дæсныйадимæ баст æндæр домæнтæ раргом кæнынц.

Хъазгæ æмæ худгæйæ сывæллæтты ахуыр кæнынц къам æмæ видео исын, уац фыссын æмæ цæттæ кæнынил газеты номыртæ. Дыууæ фæлтæры дæр саразынц сæхицæн хъæугæ хатдзæгтæ.

Газет "Рæстдзинад"-ы уацхæссæг **Гобозты Агуындæ** аныхас кодта ирон публицистикæйы историйыл, радзырдта сын нæ газеты истори, уацхæссæджы куысты миниуджытæ æмæ номыр æмбырд кæныны æгъдауы тыххæй дæр.

Сывæллæттæ зæрдиагæй байхъуыстой уазджытæм, скодтой сæхи хатдзæгтæ, чи зоны, æмæ фидæны суыдзысты курдиатджын журналисттæ.

**ГÆДЖИТЫ Агуындæ**

## Аивад

# Дагестайнаг сылгоймаджы фæлгонц – аивад æмæ æгъдæутты

**6 июлæй 28 августмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон нывкæнынады аивады музейы филиалы цæудзæн равдыст "Дагестайнаг мадоннæ. Тыгъдад æмæ æгъдау".**

Проектмæ хаст æрцыдысты дагестайнаг нывгæнджыты куыстытæ. Уыдон се сфæлдыстады равдыстой дагестайнаг сылгоймаджы фæлгонц æмæ йæ ивддзинæдтæ, цы удварн æмæ хъомылады хæстæ йыл æвæрд ис, уый.

"Дагестайнаг мадоннæ. Тыгъдад æмæ æгъдау"-ы æв-



дыст æрцыдысты аивадон æмæ графикон куыстытæ. Уыдон арæзт уыдысты XX æнусы 80-æм азты, Дагестаны Республикæйы Национ музейы Тахо-Годийы номыл æмæ "Фыццаг галерейæ"-йы æмбырдгондæй. Равдыстой дзы æрмдæсныты аивад, Манабæ Магомедова æмæ йæ чызг Лейлæ Изабакаровайы арæзт ювелирон куыстытæ, архивон кинохроникæ, ныры дагестайнаг нывгæнджыты видеокуыстытæ, адæмон поэзи. Нырыккон æмæ "классикон" нывгæнджыты куыстытæ, кæцытæ арæзт æрцыдысты æнæном дагестайнаг дæсныты къухтæй.

Уыдон уазджытæн дзырдтой портреттимæ, ювелирон дзаумæттимæ, аксессуартимæ, видеокуыстытимæ баст хабæрттæ.

Проекты архайджытæ сты: **Манобæ Магомедова, Айзанат Магомедова, Юсуф Моллаев, Наталья Савельева, Саид Тихилов, Магомед Юнусилау Каир-Магома** æмæ иннæтæ.

Равдысты рæстæг ма равдисдзысты камерон музыкæйы концерт.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

# Дзырдбыд

**ФÆРСЫРДÆМ:** 2. Алгъац. 4. Дыууæ галы. 5. Къуыбыр. 9. Фæндагыл ацæуыны тыххæй хъалон. 12. Улупа. 13. Бæндæны хай, æлвасæн фæрæз. 14. Къостайы æмдзæвгæ. 15. Змæнтæг, хъуырхъуыргæнаг. 18. Даргъ къуыбыр. 20. Къахы хай. 21. Хъул иуæй-иу хатт...абады. 22. Цалхы хай. 27. Дзыхъгонд къулы. 29. Нæлгоймаджы уæлæдарæс. 30. Ирон хæринаг. 31. Мадызæнæг. 32. Авглыггæнæн. 33. Физикæйы хай. 34. Цуайнаг. 38. Хæцæнгарз. 39. Гæрзбæндæн. 40. Бæхы мыггаг. 44. Æдзыт. 45. Бæласы мыггаг. 47. Хæф. 50. Мæнг агъуыст. 53. Гæнæн. 55. Къахы хай. 56. Хъæддаг цæрæгой. 57. Тæхæг маргъ. 58. Паддзахад Азийы. 59. Гæды, æнæраст хъуыддаг. 60. Сæнæфсирæй конд нозт. 61. Композитор Хачатуряны ном.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Адджинæгтæ къалиуыл. 2. Тугдзых сырд. 3. Бæркад. 6. Буарыл æнæхъуаг къуыбаргонд. 7. Бæдоаты Хъазыбеджы роман "Тохæй-тохмæ"-йы архайæг. 8. Фысвос. 10. Къæбицы дзаума. 11. Æнæрвæссон, сæрбæрзонд. 16. Сылгоймаг. 17. Цæхæрадоны зайæгой. 19. Рæстæджы бæрц. 23. Куыройы хай. 24. Хъæу Цæгат Ирыстоны. 25. Чысыл мæкъуыл. 26. Быдзгæсы кусæнгарз. 28. Бырынцъаг. 30. Æнæхъуаджы рацу-бацу. 35. Хæдзары дзаума. 36. Фидæрттæ арæзт лæппу, сæрæнгуырд. 37. Стыр цæрæгой. 38. Хъæу Уæлладжыры комы. 41. Шахматон термин. 42. Сакъадах Сабыр фурды. 43. Мæллæг, лыстæг. 46. Кавказаг адæмыхатт. 47. Буары хай. 48. Боны афон. 49. Электрон тыхы ныхмæлæууæндзинады барæн. 51. Хохаг похци. 52. Гæдиаты Секъайы æмдзæвгæ. 53. Буаргъæды лыстæг хай. 54. Комгонд.



### Дзуаппытæ 2 июлы мыхуыргонд дзырдбыдæн

**ФÆРСЫРДÆМ:** 1. "Бафæллад"... 5. Крамфорс. 10. "Ир". 11. Кул. 14. Иу. 15. Быран. 16. Амадисс. 17. "Усгур"... 19. Сир. 21. Скавина. 23. Тæссонд. 25. Лух. 27. "Сыхæгтæ". 30. Ара. 31. ...кæнæм. 32. Инари. 33. Зæй. 34. Рын. 35. Мæт. 36. "Хотæн". 37. ...æхсæв.... 38. Сах. 39. Згæ. 40. Одæ. 41. Нанси. 43. Цæхæр. 44. Аст. 45. Æвæндон. 46. Пыл. 51. Мызылон. 52. Гуыбатæ. 54. Фыд. 57. "Искра". 59. Анатоми. 61. "Размæ". 63. Ту... 64. Тæн. 65. Ус. 66. Арæхдзау. 67. Мурманск.

**БЫНЫРДÆМ:** 1. Бибо. 2. ...ары. 3. Æвадат. 4. Аза. 6. Рес. 7. Фосфор. 8. Риу. 9. Сури. 11. Кас. 12. "Удирвæзынгæнджытæ". 13. Лир. 18. Тир. 20. ...исы. 21. "Сæумæрайсом". 22. Азым. 23. Тути. 24. "Дурсæтджытæ". 26. "Фæсобау". 27. Сæуæссæ. 28. Æнæхъæн. 29. Арсæмæг. 42. Иван. 43. Цонг. 47. "Дзæрæх". 48. Ала. 49. Тыл. 50. Замана. 53. Ритæ. 54. ...фат... 55. Дон. 56. Саск. 58. Сур. 59. Ада. 60. Иту. 62. Мус.


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

### ХЪУСЫНГÆНИНАГ

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министрад хъусын кæны:**

**"Паддзахадон кадастрон аргъ кæныны тыххæй" федералон закъоны бындурыл паддзахадон бюджетон кусæндон "Паддзахадон кадастрон аргъ кæныны центр" бацæттæ кодта, Иумæйаг паддзахадон реестрмæ цы цæгатирыстойнаг зæххы хæйттæ бахастой, уыдонæн кадастрон аргъ скæныны фæдыл дзуапп.**

**Уыцы дзуаппы проект мыхуыргонд æрцыд 2022 азы 6 июлы "Росреестр"-ы сайты ахæм адрисыл: rosreestr.ru æмæ кусæндоны сайты ахæм адрисыл: cgko-alania.ru.**

**Фарстамæ бар чи дары, уыцы адæмæн фадат ис, цæмæй 30 боны æмгъуыдмæ сæ фиппаинæгтæ бадæттой дзуаппы проектмæ комкоммæ амынд кусæндонмæ ахæм адрисыл: 362040, Дзæуджыхъæу, Сабырдзинады проспект, 25, 17-æм кусæнуат. Дзуапмæ фиппаинæгтæ цавæр фæткы бындурыл бацæттæ кæнын æмбæлы, уый бæлвырдгонд æрцыд "Паддзахадон кадастрон аргъ кæныны тыххæй" федералон закъоны 14-æм статьяйы.**

**Подготавливаю детей к школе**
**по ускоренной методике.**
**Результаты гарантирую.**
**ТЕЛ.: 8-989-130-37-68 (Таисия).**

**Работаю со слабоуспевающими детьми**
**начальных классов.**
**Результаты гарантирую.**
**ТЕЛ.: 8-989-130-37-68 (Таисия).**

### Газет "Рæстдзинад"

хицæн адæймæгтæй, куыстуæттæй, кооперативтæй, алыхуызон фирмæтæй, кинотеатртæй, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ, бæрæгбæтты, куывдты, чындзæхсæвты æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**


Æмгæрттæ хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæнынц се 'мкурсон Аркъауты Джульетæйæн, йе 'фсымæр

**АРКЪАУТЫ**
**Тотырбеджы фырт Анатоли**

кæй амард, уый фæдыл.


Номыры радгæс редактор — **Гасанты Валери.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3374.
Заказ № 741.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**